**РЕЗЮМЕ**

В статье изучаются вопросы о формировании каракалпакской культурно-просветительских работ в 20-30-е годы XX века. Проанализировано культурно-просветительские работы каракалпакских национальных деятелей в сфере образования, культуры и искусства в период тоталитарного режима.

**SUMMARY**

The article studies the issues of the formation of the Karakalpak cultural and educational work in the 20-30 s of XX century. It was analyzed the cultural and educational work of the Karakalpak national figures in the field of education, culture and art during the period of the totalitarian regime.

# ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ ТАРИЙХЫЙ МӘКАН ҲӘМ ЗАМАНДА ПАЙДА БОЛЫЎЫ ҲӘМ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ

**Ж.Усенов –** *үлкен оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**А.Дабылов –** *студент*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** халқ, тарих, миллий менталитет, урф-одат, маданият, миллат, қавм, уруғ, менталитет, кўчманчи қавм, мамлакат, ўтроқ қавм.

**Ключевые слова:** народ, история, национальный менталитет, обычай, культура, нация, племя, семья, кочевник племя, страна, оседлое племя.

**Key words:** people, history, national mentality, custom, culture, nation, tribe, family, nomad tribe, country, sedentary tride.

Халықтың миллий менталитетиниң қәлиплесиў дереклериниң бири – тарийхый заман ҳәм тарийхый мәкан болып есапланады. Демек, миллий менталитет – тарийхый мәкан ҳәм тарийхый заманда өсип жетилисетуғын дарақ. Себеби, ҳәр бир халық халық болып қәлиплесемен дегенше белгили бир тарийхый дәўирде тарийхый мәканда жасайды. Сол жердиң тәбияты, орталығы, бирге жасап атырған басқа халықлардың өз ара тәсири сол халықтың миллий менталитетиниң пайда болыўында айрықша роль ойнайды. Себеби, бир аймақта өмир кеширип атырған халықлардың турмыс қәлпи, үрп-әдет, дәстүрлери, той-мерекеси, мәденияты араласып, бир-бирине тәсир жасаў арқалы ўақыттың өтиўи менен сол халықтың миллий менталитетиниң қәлиплесиўине алып келеди. Нәтийжеде ҳәр бир миллеттиң өзине тән болған өзгешеликлерин өз ишине қамтыйтуғын миллий менталитет жаратылады.

Халықтың миллий менталитетиниң қәлиплесиўине белгили бир тарийхый мәканның ҳәм де тарийхый-социаллық қубылыслардың тәсири ҳаққында әдебият тарийхшысы, профессор С.Баҳадырова былай деп жазады: «Халықтың минези, үрп-әдети, менталитети өзи жасап турған жер, тәбият пенен байланыслы қәлиплеседи. Қарақалпақлар еркинликти, кеңисликти жақсы көретуғын, өтирик сөзди айтып билмейтуғын, жақсы көрсе қалдықсыз, берилип жақсы көретуғын, сумлықсыз, ҳадал, адамға мийримли, жаманлықтың не екенин билмейтуғын, ақ көкирек, ашық кеўилли халық. Дос ушын ҳәр нәрсеге таяр халық. Оның усындай минези қыйыншылықты көп көргенинен, адамның адамға қәдириниң не екенин билгенинен қәлиплескен болыўы керек» [1:16].

Академиклер С.Камалов, Б.Ахмедовлардың анықлаўлары бойынша, ҳәзирги қарақалпақ, өзбек, қазақ ҳәм басқа халықлардың әййемги заманлардан берли жасап киятырған тарийхый мәканы – бул өзлериниң ҳәзирги жасап турған жерлери болып есапланады. Демек, «Қарақалпақ халқының әййемги заманлардан берли ата-журты – ата мәканы усы ҳәзирги Қарақалпақстан Республикасының жайласқан жери. Олар усы жерде, яғный Арал ҳәм Әмиўдәрья бойларында пайда болған ҳәм бир қанша жағдайларға байланыслы бөлинип кетсе де, соң өз ата журтына қайтып келген» [2:13].

Академик С.Камалов қарақалпақлардың ески ата-бабаларының пайда болыў дәўирлерин бизиң эрамызға шекемги VII-V әсирлер деп көрсетеди [3:7].

Түркиялы тарийхшы илимпаз Зия Куртерқарақалпақлар монғоллар жаўлап алмастан бурын, яғный X-XI әсирлерде халық болып қәлиплескен, V-VI әсирлерде мәмлекетшилигине ийе болған, деген мағлыўматларды кең журтшылыққа жәрия етеди. Бул жаңалық қарақалпақлардың жүдә әййемги тарийхқа ийе екенлигин көрсетеди.

Қарақалпақлар көшпели емес, ал ярым отырықшы халық болған. Дурыс, қарақалпақлар ең әййемги массагетлер дәўиринде көшип қонып жасаған. Кейин ала олар ярым отырықшы болған. Суўдың жағдайына қарап егин еккен, мал шарўашылығы менен шуғылланған, балық аўлап тиришилик еткен. Бирақ, Шыңғысхан жаўлап алған соң олар басқа журтларға көшиўге мәжбүр болған. Себеби, монғоллар Әмиўдәрьяның жағасындағы қашыны бузып жиберип, дәрьяның аңғарын Сарықамысқа қарай бурып жибереди. Нәтийжеде, қарақалпақлардың бир бөлеги Әмиўдәрьяның жоқарысына, яғный Қашқадәрья ҳәм Сурхандәрья тәрепке кетеди, айырымлары Волга бойларына көшеди. Қарақалпақлардың бөлинип кетиўи мине, усы Шыңғысхан басып алыўшылығы ақыбетинде келип шығады [2:13-17].

Қарақалпақлардың келип шығыўы ҳаққындағы мағлыўматларды әййемги Қытай жазба дәреклеринен де табыўға болады. Мәселен, Қытай тарийхшысы Си Ма Цян өзиниң “Тарийхый естеликлер” китабында қаңлылардың турмыс тәризи ҳаққында пикир жүргизип, “олар үрп-әдетлери бойынша юечжиларға уқсап кетеди”, деп жазады. Қытай дәреклеринде Қаңғ мәмлекети Кангуй ямаса Канцуй деп аталған.

Авестода Канха, Птолемейде “кандар” (қаңғар), “Шаҳнама”да турлар деп аталған қәўим негизинде саклар еди. Туран патшаларының бас қаласы Қаңғдиз – ҳәзирги Ташкент ўәлаятының Аққорған районында жайласқан Қаңға қаласы қалдықлары екенлиги анықланды. Қытай дәреклерине көре, қаңғарларда мәмлекет болғанлығы ҳаққында мағлыўматлар бар. Искендер Зулқарнайнның әскерий жүрислеринен кейин Орта Азияның әййемги азатлықты сүйетуғын көшпели қәўимлери қублада Грек-Бактрия мәмлекети пайда болғаннан кейин, көп өтпей арқада көшпели қәўимлер ҳәм отырықшы жергиликли ҳәкимликлери аўқамы тийкарында өз мәмлекетин дүзеди. Бул мәмлекет ярым отырықшы, ярым көшпели қәўимлер конфедерациясы сыпатында пайда болған Қаңғ мәмлекети еди. Турақлы әскерий күшке ийе болған бул мәмлекет Орта Азия қубласында жасайтуғын грек ҳүкимдарлығына қарсы қаратылған еди.

Ҳәзирги қарақалпақлардың арасында ушырасатуғын қаңлы руўының түп тийкары сол Қаңғ мәмлекети атамасы менен байланыслы болыўы да мүмкин. Себеби, руўлар халықтан бурын пайда болады.

Сондай-ақ, Хорезмниң Ханқа районы атамасы ҳәм әййемги тамырлары да сол биз жоқарыда сөз еткен Қаңғ мәмлекети аты менен байланыслы болыўы итимал.

Б.э.ш. I әсир орталарында Хан династиясына қараслы Қытай императорлары Уллы жипек жолының

үстинен қадағалаў орнатыўды мақсет етеди ҳәм гуннларды, соң усун қәўимлерин бойсындырыў ушын оларға әскерий атланыс жасайды. Усы гезлери усун ҳәм гунн қәўимлериниң аўызбиршилиги бузылған еди. Усыннан пайдаланған Қытай усунларды өзине аўқамлас қылады. Қаңғарлар болса гуннлар менен аўқам дүзип, усунларға топылыс жасайды. Демек, буннан жуўмақ шығады, усы дәўирде гуннлар менен қаңғарлар араласады. Қарақалпақлардың пайда болыўындағы үлкен роль ойнайтуғын көп компонентлиликтиң биреўи усы фактор болып есапланады.

Тарийхтың еле ашылмаған бетлери оғада көп. Соның ишинде, қарақалпақлардың пайда болыўы ҳаққындағы пикирлер еле бир тоқтамға келмей атыр. Бул туўралы тек ғана тарийхшылар емес, ал философлар, филологлар да өзлериниң жеке пикирлерин ортаға таслап көрмекте. Мәселен, академик Ж.Базарбаев ҳәм тарийхшы доцент Р.Базарбаевлардың баспасөзде жәрияланған “Бизиң арғы тегимиз массагетлер ким болған?”, “Булар қайсы қарақалпақлар екен?”, “Монғоллар ишиндеги қарақалпақлар кимлер екен?” атлы мақалалары оқыўшыларда үлкен қызығыўшылық оятып, қарақалпақлардың пайда болыўы ҳаққындағы көплеген тарийхый мәселелерди қозғаўға түртки болыўы мүмкин.

**Әдебиятлар**

1. Баҳадырова С. Қарақалпақ қандай халық. –Ташкент: «Наврўз». 2017. 16-б.
2. Ахмедов Б.А. Ўзбек улуси. -Тошкент: Абдулла Қодирий номидаги халқ мероси нашриёти. «Нур», 1992. 13-б.
3. Камалов С. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетлигиниң тарийхынан. –Нөкис: ӨзРИАҚҚБ //«Хабаршысы», 2001. 7-б.

**РЕЗЮМЕ**

Бу мақолада қорақалпоқ халқининг маълум бир тарихий ҳудудда шаклланиши ҳамда мазкур халқнинг даврлар силсиласида ҳар тамонлама мавқе касб этиб борганлиги акс эттирилган. Шунингдек, қарақалпоқ халқининг қардош халқлар орасида ўзининг бой миллий маданияти, урф-одат, анъаналари миллий менталитети билан ажралиб туриши алоҳида таъкидланган. Шунингдек, бу мақолада ўтмиши буюк, келажаги ундан ҳам буюк халқнинг тарихига ҳолис ва муфассал баҳо берилган. Айниқса, бу мақолада қарақалпоқ халқининг қадимги давлатчилиги, урф-одат, анъаналари этник тарихи ва этногенезига алоқадор фикрлар билдирилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье описывается формирование каракалпакского народа в определенном историческом регионе и тот факт, что этот народ занимает комплексную позицию в ряде периодов. Также было отменчено, что каракалпаки выделяются среди братских народов богатой национальной культурой и национальным менталитетом. В статье также даётся объективная и оценка истории нации с великим прошлым и ещё большим будущим. Также рассматриваются этническая история и этногенез древних традиций.

**SUMMARY**

This article reflects the formation of the Karakalpak people in a particular historical region and the fact that this people has a comprehensive position in the series of periods. It was also noted that the Karakalpak people are distinguished among the fraternal peoples by their rich national culture and national mentality. This article also provides an objective and detailed assessment of the history of a nation with a great past and an even greater future. In particular, this article discusses the ethnic history and ethnogenesis of the ancient statehood traditions of the Karakalpak people.

## Ruwxıylıq tiykarları. Huqıqtanıw

УДК.232-233;89(2021)

# ЖАНР РАНГ-БАРАНГЛИГИ ТЕАТРНИНГ ЖАМИЯТ ҲАЁТИГА МАЪНАВИЙ – МАЪРИФИЙ ТАЪСИРИНИ ОШИРИШ ОМИЛИ СИФАТИДА

**Р.Алланбаев** - *доцент*
*Ўзбекистон давлат санъат ва маданият институти*

**Таянч сўзлар:** театр, мусиқа, моддий-техник, томошабинлар, санъати тарихи, драматургия асарлари.
**Ключевые слова:** театр, музыка, материалы и техника, аудитория, история искусства, драматические произведения.
**Key words:** theater, music, material and technical, audience, art history, dramatic works.

Тарихий манбалардан маълумки, ўзбек театр санъати тарихи жуда қадим замонлар оша яшаб келмоқда. Хусусан, миллий театр санъатимиз қадимий илдизлари халқ оғзаки ижоди билан бевосита боғлик бўлиб, халқ уйинлари ва томошалари фалсафасига ҳамоҳанг шаклланган. XX аср оҳири ва асримиз бошида ўзбек театр санъати учун янги ривожланиш даври бошланди.

...Хусусан, пойтахтимиз ва вилоят театрларида намойиш этилган дунё саҳна санъатининг мумтоз намуналари ўз вақтида нафақат юртимиз, балки чет эл томошабинларини ҳам ҳайратда қолдиргани бу фикрни исботлайди. Шу билан бирга, театр ижодкорларимиз томонидан яратилган кўплаб миллий руҳдаги саҳна асарлари хорижий мамлакатларда ҳам муваффакият билан ижро этиб келинади. Таъқидлаш жоизки, ҳозирги вақтда республикамиз театрларида турли мавзу ва жанрларда кўплаб спектакллар яратилмоқда,ўзига ҳос ижодий изланишлар давом этмоқда.

Дарҳақиқат, мустақиллик йилларида санъатнинг барча йўналишларида бўлгани каби миллий театр санъатини ривожлантириш борасида ҳам кенг кўламли ишлар амалга оширилмоқда. Бу борада Ўзбекистонда асрлар оша яшаб келаётган томоша санъати анъаналарини ўрганиш, бойитиш ва тарғиб қилиш, театр санъатини ҳар томонлама ривожлантириш, моддий-техник негизини янада мустаҳкамлаш, мамлакатимизда амалга оширилаётган маънавий-маърифий ислоҳотларда театр арбобларининг фаол иштирокини таъминлаш, миллий ва умумбашарий қадриятларни тараннум этувчи бадиий баркамол саҳна асарлари яратиш, махсус таълим тизимини [1:154].

Театр маданияти замонавий социомаданий маконда ўз моҳиятини эндиликда ўз ривожланишининг муайян босичи тарикасида эмас, балки ушбу ривожланиш йўналишларини қайта англаши сифатида идрок этмоқда. Ушбу жараёнлар театр маданиятини янги жанрий шаклларга етаклайди.

Янги шаклларнинг вужудга келишида оммавий коммуникация, телевидение, Интернет маданияти катта аҳамиятга молик, улар замонавий жамият асотирларини шакллантиради. Театр ўз ҳаётида ушбу асотирларнинг мавжудлигини инобатга олиши зарур бўлади.

Ҳар қандай драматургия асарларини улардаги турли хил жанрларнинг формал белгиларининг мавжудлигига қараб эмас, балки пьеса қолдирган эмоционал таъсирнинг умумий фонидан келиб чиқиб, у ёки бу жанрга мансублигини аниқлаш мумкин.

Бугунги кунда театр тур ва жанрларнинг кенг қамровига эгадир. Санъат турлари ва саҳна асарларининг жанрларини ажратиш, уларни аниқ таърифлаш, уларнинг хусусиятларини ва бир-биридан фарқини билиш театрда қуйиладиган спектаклларнинг юқори савияда